УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2020-3-46-54-62

# АДЫГЭБЗЭМ И IУЭХУЦIЭ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭМРЭ АБЫХЭМ Я КЪЭХЪУКIЭМ ХЭЛЪ ХЬЭЛЭМЭТАГЪХЭМРЭ

**БищIо Борис Чэмал и къуэ**, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, bizhoev1952@mail.ru

Статьяр теухуащ адыгэбзэ IуэхуцIэхэр грамматикэ илъэныкъуэкIэ зэпкърыхыным икIи мыбы и къалэнщ ахэр зэмылIэужьыгъуэ куэд адыгэбзэм зэрыщыхъур, абыхэм ящыщ дэтхэнэри къызэрыхъу щIыкIэр наIуэ къэщIыныр. Тхыгъэр топсэлъыхь адыгэбзэ IуэхуцIэхэр зищIысыр, абыхэм я шыфэлIыфэр зэхэхуным нэхъ жыджэру елэжьа, абы хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа IэщIагъэлIхэм я лэжьыгъэхэм, абы щыгъуэми IуэхуцIэхэм я классификацэ иджыпсту щыIэм бгъэдыхьэкIэщIэ къыхуегъуэт, нэхъ убгъуауэ, лъэныкъуэ псори къызэщIиубыдэу кIэлъоплъ IуэхуцIэ лIэужьыгъуэ къэс я къэгъэщIыкIэхэм, гулъытэ хэха хуещI IуэхуцIэ къэхъукIэ Iэмалхэр а IуэхуцIэхэр къызытепщIыкI лэжьыгъэцIэм и зэхэлъыкIэм (ар лъэIэсу е лъэмыIэсу щытыным, абы щхьэ бжыгъэу иIэм) зэрелъытам. Нэрылъагъу мэхъу а зы IуэхуцIэ лIэужьыгъуэм и кIуэцIкIэ ахэр зэрызэщхьэщыкIыр. Адыгэбзэхэм яхэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр хэIущIыIу щIыным и мыхьэнэр адыгэ бзэщIэныгъэр зэрыригъэфIакIуэм и закъуэкъым, мыр къыхуэщхьэпэнущ бзэщIэныгъэ теориеми, сыту жыпIэмэ нэгъуэщI зы бзи IуэхуцIэм и къэухьыр ди бзэм хуэдэу щыинкъым, абыкIэ адыгэбзэм и къулеягъыр сэбэп щохъу синтаксисми – индоевропеибзэхэм я псалъэуха гуэдзэхэм я къалэным пэхъу конструкцэхэр IуэхуцIэм къегъэщI.

Статьям къыщыгъэсэбэпащ мы зэманым адыгэбзэкIэ ягъэхьэзыр япэ академическэ грамматикэм папщIэ зэхэтлъхьа фIэщыгъэцIэхэм ящыщ зыбжанэ. Псом япэу ар езы «IуэхуцIэрщ», адыгэбзэкIэ цIэ зэримыIэм къыхэкIкIэ, нобэм къэсыху абы «причастие» урыс псалъэмкIэ еджэу щытащ.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, IуэхуцIэ, лэжьыгъэцIэ лъэIэс-лъэмыIэсхэр, лъабжьэпэ, субъект, объект, лэжьыгъэм и къэхъукIэ.

Адыгэ бзэзщIэныгъэм зэрызиужьа гъуэгум уриплъэжмэ, нэрылъагъу мэхъу IуэхуцIэ (причастие) гурыIуэгъуэр зэтеувэныр, абы и къэухьхэр зэхэхуныр тыншу зэрыщымытар [Бижоев 1991: 3–22]. Гугъуехьхэр къызыхэкIар мы лъэныкъуэмкIи адыгэбзэхэр нэгъуэщIыбзэхэм зэремыщхьырщ. Нэхъ джа хъуауэ щыIэ индоевропеибзэхэм яIэр IуэхуцIэ лIэужьыгъуитIщ – субъект, объект IуэхуцIэ жыхуаIэхэрщ. Дэ мыхэри зэрыдиIэм нэмыщIкIэ, нэгъуэщI куэди бзэм хыдогъуатэ – Iэмэпсымэ, щIыпIэ хьэл, зэман хьэл, н.къ.

IуэхуцIэхэр зэмыщхь куэд зэрыхъум къешэ абыхэм я къэгъэщIыкIэри зэрымымащIэр, абы къыщымынэу я къэхъукIэкIэ зэтемыхуэхэр IуэхуцIэ лIэужьыгъуэхэм я закъуэкъым, а зы лIэужьыгъуэм щыщхэр я теплъэкIэ щызэхуэмыдэхэри мащIэкъым – ар зэлъытар IуэхуцIэхэр къызытепщIыкI лэжьыгъэцIэм и зэхэлъыкIэрщ. Псалъэм папщIэ, лэжьыгъэцIэхэр лъэIэс-лъэмыIэскIэ зыщыщым, абы щхьэ бжыгъэу иIэм, н.къ.

Мис мы къэдгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр зэIубз щIынырщ ди лэжьыгъэм и къалэн нэхъыщхьэр.

## 1. IуэхуцIэ лIэужьыгъуэхэр (гупхэр)

Адыгэбзэм (къэбэрдей-шэрджэсыбзэм) и IуэхуцIэр – ар щхьэ, бжыгъэ, зэман, псалъэзешэ категорэхэр зиIэ лэжьыгъэцIэ-цIэ гъэпсыкIэщ. Ахэр классификацэ щIыным лъабжьэ хуэхъур, адыгэ бзэщIэныгъэм 1960 гъэхэм лъандэрэ хабзэ щыхъуауэ, IуэхуцIэхэм ягъэбелджылы предметхэр а IуэхуцIэ дыдэхэм къагъэлъагъуэ Iуэхугъуэхэм зэрахущытырщ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэкIэ IуэхуцIэхэр зэхагъэкI субъект, объект, Iэмэпсымэ, хьэл гупхэу. Иужьрейхэр езыхэр зэхощхьэхукIыж щIыпIэ, зэман, лэжьыгъэм и къэхъукIэ, щхьэусыгъуэ, мурад IуэхуцIэхэу [Бижоев 1991: 23].

**Субъект IуэхуцIэхэм** къагъэлъагъуэ IуэхуцIэм хэлъ Iуэхугъуэм и субъект хъур (ар къызыбгъэдэкIыр): *кIуэр* (*кIуэн* лэжьыгъэцIэ хъейм къытокI), *щысыр* (*щысын* лэжьыгъэцIэ мыхъейм къытокI).

**Объект IуэхуцIэхэм** ягъэнаIуэ IуэхуцIэм хэлъ Iуэхугъуэм и объектыр (ар зэкIуалIэр): *ишэр* (*шэн* лэжьыгъэцIэ хъейм къытокI), *зытетыр* (*тетын* лэжьыгъэцIэ мыхъейм къытокI) [Бижоев 2005: 96].

**Iэмэпсымэ IуэхуцIэхэм** къагъэлъагъуэ IуэхуцIэм хэлъ Iуэхугъуэр гъэзэщIа зэрыхъу Iэмэпсымэр е Iэмалыр: *зэрыкIуэр* (*кIуэн* лэжьыгъэцIэм къытокI), *зэрылажьэр* (*лэжьэн* лэжьыгъэцIэм къытокI), н.къ.

**ЩIыпIэ хьэл IуэхуцIэхэм** къагъэлъагъуэ IуэхуцIэм хэлъ Iуэхугъуэр къыщыхъур, щекIуэкIыр: *зыдэкIуэр* (*кIуэн*), *зыщыслъэгъуар* (*лъагъун*), н.къ.

**Лэжьыгъэм и къэхъукIэ хьэл IуэхуцIэхэм** къагъэлъагъуэ IуэхуцIэм хэлъ Iуэхугъуэр къызэрыхъу щIыкIэр: *зэрыкIуэр* (*кIуэн*); *зэрылажьэр* (*лэжьэн*), н.къ.

**Зэман хьэл IуэхуцIэхэм** къагъэлъагъуэ IуэхуцIэм хэлъ Iуэхугъуэр къыщыхъу зэманыр: *щыкIуэр* (*кIуэн*); *щылажьэр* (*лэжьэн*), н.къ.

**Щхьэусыгъуэ, мурад хьэл IуэхуцIэхэм** ягъэнаIуэ IуэхуцIэм хэлъ Iуэхугъуэр къыщIэхъу щхьэусыгъуэр е мурадыр: *щIэкIуэр* (*кIуэн*); *щIыщысыр* (*щысын*), н.къ.

Классификацэ мыбдеж къыщыхьар япэу къыхэзылъхьауэ щытар Шагъыр Iэминщ [Шагиров 1965: 52]. НэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ щыIэхэм ящыщу къыхэгъэщыпхъэщ псалъэ зыхъуэжыкIэм тещIыхьар. Ар зи Iэужь КIэрашэ З. И. адыгэ IуэхуцIэхэр игуэшт нейтральнэ, субъект, объект, субъект-объект, зэрыхъу, субъектыншэ гупхэу [Керашева 1977: 34].

## 2. IуэхуцIэхэр къызэрыхъур
## 2.1. Субъект, объект IуэхуцIэхэм я къэхъукIэр

Субъект, объект IуэхуцIэхэр лэжьыгъэцIэ хъейхэми, лэжьыгъэцIэ мыхъейхэми къатокI лъабжьэпэ *зы-, зэ-* япыувэурэ е лъабжьэгъусэншэу.

Лъабжьэпэ *зы*-кIэ къохъу:

1) лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм къатекI субъект IуэхуцIэхэр: *зы-шэр* (*шэн*);

2) лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм къатекI мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэр: *зы-хуэсшэр* (*хуэшэн*);

3) лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатекI мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэр: *зы-дэкIуэр* (зи гъусэу кIуэр) (*дэ-кIуэн*).

Лъабжьэпэ *зы*- хэмыту къохъу:

1) лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатекI субъект IуэхуцIэхэр: *лажьэр* (*лэжьэн*);

2) лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм къатекI благъэ-объект IуэхуцIэхэр: *ишэр* (*шэн*).

НэгъуэщIу жыпIэмэ, IуэхуцIэм *зы*- лъабжьэпэр хэтщ, ар къызытекI лэжьыгъэцIэр зэхьэлIа цIэр зыхъуэж псалъэзешэ гъэпсыкIэмэ. Еплъ: *Сэ ар зыхуэсшэр – Сэ ар лIыжьым хузошэ. ЛIыжь* псалъэр, зэрытлъагъущи, зыхъуэж псалъэзешэ гъэпсыкIэу къокIуэ.

IуэхуцIэхэм *зы-* лъабжьэпэр яхэувэркъым, IуэхуцIэр къызытекI лэжьыгъэцIэр зэхьэлIа цIэр цIэиIуэ псалъэзешэ гъэпсыкIэмэ: *абы ишэр – Абы лIыжьы**р** ешэ. ЛIыжь* псалъэр цIэиIуэ псалъэзешэ гъэпсыкIэу къокIуэ.

Лъабжьэпэ *зы*-м и теплъэм язынықъуэхэм деж зехъуэж. Псалъэм папщIэ, мыблагъэ объектым и лъабжьэпэ *е-*, *и-* зыхэт лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатекIа мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэм ар *зэ*-м щыхуокIуэ: *зэ-джэр* (*е-джэн* лэжьыгъэцIэм къытокI), *зэ-псалъэр* (*е-псэлъэн*), *зэ-даIуэр* (*е-дэIуэн*), н.къ.

ЛэжьыгъэцIэ гуэрым IуэхуцIэу дапщэ къытепщIыкI хъунуми елъытащ а лэжьыгъэцIэм и щхьэ гъэпсыкIэм – лэжьыгъэцIэм щхьэуэ нэхъыбэ хэтыхункIэ IуэхуцIэу къытекIхэм я бжыгъэми хохъуэ. Ауэ а бжыгъэр нэгъуэщI лъэныкъуэ гуэрхэми елъытауэ щытынкIэ хъунущ. Абы къыхэкIкIэ мы упщIэм нэхъ гупсэхуу къытеувыIапхъэщ.

**1.** Зы щхьэ фIэкIа зимыIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатекIыр субъект IуэхуцIэхэм я закъуэщ, еплъ: *кIуэр* (*кIуэн* лэжьыгъэцIэм къытохъукI), *щысыр* (*щысын*).

**2.** ЩхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къагъэхъу субъект, мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэр:

1) Субъект IуэхуцIэхэр лъабжьэгъусэншэу къохъу: *ежьэр* (*ежьэн* (*пэплъэн*), *хуэкIуэр* (*хуэкIуэн* (*зыгуэрым папщIэ*), н.къ.

2) Мыблагъэ-объект IуэхуцIэ щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатохъукI *зы*-(*зэ*-) лъабжьэпэкIэ: *зэ-жьэр* (*ежьэн*), *зэ-уэр* (*еуэн*).

**3.** Щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатопщIыкI субъект IуэхуцIэрэ зы мыблагъэ-объект IуэхуцIэрэ.

1) Субъект IуэхуцIэр лъабжьэгъусэншэу къохъу: *дежьэр* (*дежьэн*), *худэкIуэр* (*худэкIуэн*), н.къ.

2) Мыблагъэ-объект IуэхуцIэр *зы-* лъабжьэпэм къегъэщI*: зы-дежьэр* (*дежьэн*), *зы-худэкIуар* (*худэкIуэн*), н. къ.

Щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатекIыркъым етIуанэ мыблагъэ-объект IуэхуцIэ: *дежьэн* лэжьыгъэцIэм, псалъэм папщIэ, къытепщIыкI хъуркъым «абы и гъусэу ар зэжьэр» мыхьэнэ зиIэ IуэхуцIэ [Бижоев 1991: 27].

**4.** ЩхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэр я бжыгъэкIэ куэд хъуркъым, ахэр куэдри къагъэсэбэпыркъым. Абы къимыдэкIэ, мыбыхэм гъэпсыкIэу яIэр мащIэщ. Ар щынэрылъагъущ IуэхуцIэ къагъэщIынымкIэ абыхэм яIэ зэфIэкIыми. Логикэ илъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, щхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсым къигъэхъуфын хуейт IуэхуцIиплI – зы субъект IуэхуцIэрэ мыблагъэ-объект IуэхуцIэу щырэ. Псалъэм папщIэ, *фIыдеплъын* лэжьыгъэцIэм къытехъукIыпхъэт мы къэкIуэну мыхьэнэхэр зиIэ IуэхуцIэ гъэпсыкIэхэр:

1)«абы щIыгъуу абы фIэмыфIу еплъыр»;

2) «ар абы щIыгъуу абы зэреплъыр зыфIэмыфIыр»;

3) «абы фIэмыфIу ар абы зи гъусэу еплъыр»;

4) «абы фIэмыфIу абы щIыгъуу ар зэплъыр».

Бзэм къызэрыщамыгъэсэбэпым къыхэкIыу апхуэдэ гъэпсыкIэхэр художественнэ литературэми нэгъуэщI тхыгъэхэми къахэбгъуэтэну гугъущ. Бзэм ирипсалъэхэм уахэупщIыхьмэ, абы къерикIуэр мыращ: субъект IуэхуцIэр щхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсым лъабжьэгъусэншэу къытохъукI: *фIыдеплъыр*. Пэжщ, псалъэпкъым хыхьэ лъабжьэгъусэхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр дапщэщи зым теткъым – мы щапхъэ къэтхьам я увыпIэкIэ щызэхъуэжэнкIэ хъунущ зэщIыгъуныгъэ лъабжьэгъусэхэмрэ зыхуэгъэза лъабжьэгъусэмрэ. Абы и фIыгъэкIэ лIэужьыгъуитI щыIэщ: *фIыдеплъын* // *дыфIеплъын*. Ар лэжьыгъэцIэм дежщ, ауэ абы къытепщIыкI субъект IуэхуцIэми ардыдэр дыдолъагъу: *фIыдеплъыр* // *дыфIеплъыр*.

Мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэм я гугъу тщIымэ, дызыхэупщIыхьа цIыхухэм жаIахэр хуабжьу зэщхьэщокI. КъызэрыщIэкIамкIэ, лъабжьэгъусэ псалъэпкъым хэтхэм ямызакъуэу, и увыпIэр ехъуэж езы *зы-* лъабжьэпэ IуэхуцIэ къэзыгъэщIми.

Абы къыхэкIкIэ «сэ абы щIыгъуу абы сызэреплъыр зыфIэмыфIыр» мыхьэнэр кърагъэкIыу бзэр зыIурылъхэм къагъэлъэгъуащ мы къэкIуэну гъэпсыкIэхэр:

*сызыфIыдеплъыр//сызыдыфIеплъыр//сыфIызыдеплъыр//сыдызыфIеплъыр.*

ЩIэупщIэныгъэм адэкIи къызэригъэлъэгъуащи, мы гъэпсыкIэ дыдэхэр къагъэсэбэпынкIэ хъунущ «абы фIэмыфIу сэ абы зи гъусэу сеплъыр» мыхьэнэри кърагъэкIыу.

«Абы фIэмыфIу абы щIыгъуу сэ сызэплъыр» мыхьэнэм и гугъу тщIымэ, абы, ищхьэкIэ къыщыхьа щапхъэхэм къадэкIуэу, иIэнкIэ хъунущ мыпхуэдэ гъэпсыкIэхэри:

*сызыфIыдызэплъыр // сызыдыфIызэплъыр // сыдызыфIызэплъыр // сыфIызыдызэплъыр.*

Мы гъэпсыкIэхэм псоми я зэхуэдэ нэщэнэу щытщ абыхэм IуэхуцIэ къэзыгъэхъу *зы-* лъабжьэпэр тIэунейрэ зэрахэувэр. Абы ищIыIужкIэ бзэр зыIурылъхэм лъабжьэпэ *зы*-р щэнейрэ зыхэувэ *сызыдызыфIызэплъыр*, *сызыфIызыдызэплъыр* гъэпсыкIэхэм хуэдэхэри къезэгъыу къалъытэ [Бижоев 2005: 101].

Щапхъэхэр щыхьэт зэрытехъуэщи, щхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм я мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэр къатехъукIыныр иджыри и кIэм нэсу зэтемыуваўэ къонэ. Адыгэ литературэбзэм и мардэхэм тепщIыхьмэ, дэ дызэреплъымкIэ, *фIыдеплъын* лэжьыгъэцIэм ещхьхэм я мыблагъэ-объект IуэхуцIэ гъэпсыкIэу къэщтапхъэхэр мыхэр аращ:

1) *сы-зы-фIыдеплъыр* «сэ абы щIыгъуу абы сызэреплъыр зыфIэмыфIыр»;

2) *сыфIыды-зэ-плъыр* «абы фIэмыфIу сэ абы зи гъусэу сеплъыр»;

3) *сыфIы-зы- деплъыр* «абы фIэмыфIу абы щIыгъуу сэ сызэплъыр».

Мы IуэхуцIэ гъэпсыкIэхэм IуэхуцIэ къэзыгъэхъу *зэ-* лъабжьэпэр зэхьэлIа щхьэм (объектым) и лъабжьэпэм и пэ къыщытщ.

**5.** Щхьэуэ зы зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым субъект IуэхуцIэ къытохъукI *зы-* лъабжьэпэкIэ*: зы-зытхьэщIы р* (*зытхьэщIын*), *зы-зыгъэпсэхур* (*зыгъэпсэхун*),н. къ.

**6.** ЩхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым къытокI субъект, благъэ-объект IуэхуцIэхэр:

1) ЩхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым субъект IуэхуцIэ къытохъукI *зы-* лъабжьэпэкIэ: *зы-щIэр* (*щIэн*), *зы-хьыр* (*хьын*).

2) Благъэ-объект IуэхуцIэ щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым къытохъукI лъабжьэгъусэншэу: *ихьыр* (*хьын*), *ищIэр* (*щIэн*), н.къ.

**7.** Щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым къытопщIыкI субъект, благъэ-объект, мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэр:

1) Субъект IуэхуцIэ къегъэхъу *зы-* лъабжьэпэм: *е-зы-тыр* (*етын*), *хуэ-зы-щIыр* (*хуэщIын*), н.къ.

2) Благъэ-объект IуэхуцIэ щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм лъабжьэгъусэншэу къатохъукI: *хуишэр* (*хуэшэн*), *къыхуищэхуар* (*къыхуэщэхун*), н.къ.

3) Мыблагъэ-объект IуэхуцIэ щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм къазэрытехъукIыр субъект IуэхуцIэ къызэрыхъум ещхьыщ – *зы-* лъабжьэпэ япыувэкIэрэщ, ауэ а лъабжьэпэр здэувыр мыблагъэ объектым и щхьэ лъабжьэпэм и пIэрщ: *зы-ритыр* (*етын*), *зы-фIихьыр* (*фIэхьын*) (егъапщэ субъект IуэхуцIэм: *фIэ-зы-хьыр*).

**8.** ЩхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм къатокI субъект, благъэ объект, мыблагъэ-объект IуэхуцIэу зы:

1) Субъект IуэхуцIэр къохъу *зы-* лъабжьэпэкIэ: *де-зы-тар* (*детын*), *хуе-зы-гъэшар* (*хуегъэшэн*), н.къ.

2) Благъэ-объект IуэхуцIэр лъабжьэгъусэншэу къохъу: *дыритар* (*етын*), *хуригъэшар* (*хуегъэшэн*), н.къ.

3) Мыблагъэ-объект IуэхуцIэ щхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм къатопщIыкI лъабжьэпэ *зы-* япыувэкIэрэ: *зы-дыритар* (*детын*), *зы-хуригъэшар* (*хуегъэшэн*), н.къ.

Мыблагъэ-объект IуэхуцIэм гулъытэ лей хуэщIыпхъэщ. Iуэхур зытетыращи, щхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм, логикэкIэ уабгъэдыхьэмэ, къатепщIыкIын хуейт мыблагъэ-объект IуэхуцIэ гъэпсыкIитI. Псалъэм папщIэ, *детын* лэжьыгъэцIэм къигъэхъун хуейт мыпхуэдэ мыхьэнэхэр зиIэ мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэр: 1) «зи гъусэу ар абы зэреттыр»; 2) «сэ ар си гъусэу ар зэттыр». АрщхьэкIэ мыблагъэ-объект IуэхуцIэ гъэпсыкIэу щыIэр ищхьэкIэ къыщыхьа гъэпсыкIэ закъуэрщ. Ауэ а гъэпсыкIэр лIэужьыгъуитIу къыбгурыIуэнкIэ хъунущ. Къапщтэмэ, *зыдыритар* гъэпсыкIэр мыхьэнитI иIэу къагъэсэбэп: 1) «ар абы зи гъусэу зыритар»; 2) «абы щIыгъуу ар абыхэм зыратар».

**9.** Щхьитху зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм къатекI IуэхуцIэхэр щIагъуэу къагъэсэбэпыркъым. ИтIанэ апхуэдэ лэжьыгъэцIэхэм IуэхуцIэу къагъэхъури мащIэщ. Логикэ и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, щхьитху зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым къытехъукIыпхъэт IуэхуцIэу тху – субъект, благъэ-объект IуэхуцIэхэр, мыблагъэ-объект IуэхуцIэуи щы. Псалъэм папщIэ, *яхурегъэшэлIэн* лэжьыгъэцIэм къытепщIыкIыпхъэт мыпхуэдэ мыхьэнэхэр зиIэ IуэхуцIэхэр [Кабардино-черкесский язык 2006: 295]:

1) «абы ар абыхэм папщIэ абы ирезыгъэшэлIар» (субъект IуэхуцIэ);

2) «абы папщIэ абы абы ирезгъэшэлIар» (благъэ-объект IуэхуцIэ);

3) «ар абы абыхэм папщIэ зэзгъэшэлIар» (мыблагъэ-объект IуэхуцIэ);

4) «абы ар абыхэм папщIэ зырезгъэшэлIар» (мыблагъэ-объект IуэхуцIэ);

5) «абы ар абыхэм зыхурезгъэшэлIар» (мыблагъэ-объект IуэхуцIэ).

АрщхьэкIэ гъэпсыкIищ нэхъыбэ бзэм къигъэхъуркъым:

1) Субъект IуэхуцIэ *зы-* лъабжьэпэкIэ къохъу: *яхуре-зы-гъэшэлIар*;

2) Лъабжьэгъусэншэу къохъу благъэ-объект IуэхуцIэ: *яхурезгъэшэлIар*;

3) Мыблагъэ-объект IуэхуцIэ къегъэхъу *зы-* лъабжьэпэм: *зы-хурезгъэшалIэр*.

Щапхъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, мыблагъэ-объект IуэхуцIищым я пIэкIэ къэхъур зыщ. А гъэпсыкIэм и мыхьэнэуэ къэтхьам («абы ар абы зыхурезгъэшалIэр») нэмыщIкIэ, бзэм ирипсалъэхэм ар къагъэсэбэпынкIэ хъунущ нэгъуэщIуи – зи хьэтыркIэ ирашалIэр мыхъуу, езы зырашалIэр къигъэлъагъуэу.

Етхуанэу къэхъун хуея IуэхуцIэм и мыхьэнэр («ар абы абыхэм папщIэ зэзгъэшэлIар») къикIыу бзэм гъэпсыкIэ хэткъыми, ар кIыхьу къыбгурагъэIуэн хуей мэхъу.

## 2.2. Хьэл, Iэмэпсымэ IуэхуцIэхэр къызэрыхъур

ИщхьэкIэ къызэрыщыгъэлъэгъуащи, субъект, объект IуэхуцIэхэм я къэхъукIэм и нэщэнэу щытщ ахэр къызытекI лэжьыгъэцIэр лъэIэс-лъэмыIэсым елъытауэ зэм лъабжьэпэ *зы*-кIэ, зэм лъабжьэгъусэншэу къызэрыхъур. Субъект, объект IуэхуцIэхэм къащхьэщыкIыу, хьэл, Iэмэпсымэ IуэхуцIэхэр лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми лъэмыIэсхэми къазэрытепщIыкIыр зэтохуэ [Бижоев 1991: 73].

Щхьэхуэ-щхьэхуэурэ дакъытеувыIэнщ хьэл, Iэмэпсымэ IуэхуцIэ лIэужьыгъуэ дэтхэнэми и къэхъукIэм.

**1. ЩIыпIэ хьэл IуэхуцIэхэр** къэгъэщIа мэхъу *зыдэ-*, *(зы)щы-* лъабжьэпэхэмкIэ: *зыдэ-кIуэр* (*кIуэн* лэжьыгъэцIэм къытокI), *(зы)щы-слъэгъуар* (*лъагъун*), н.къ.

Лъабжьэпэр (*зыдэ-*) зэриух макъым зихъуэжынкIэ хъунущ лэжьыгъэцIэм и ухуэкIэм елъытауэ. Псалъэм папщIэ, ар зэриух э макъзешэр ещанэ щхьэм и лъабжьэгъусэ *йы*-м и пэм щыпокIуэдыкI: *зыдихьыр*. НэгъуэщI фонетикэ къэхъугъи урохьэлIэ: *зыдэ-* лъабжьэпэм и пэ макъзешэкIэ иух нэгъуэщI лъабжьэпэ къиувэмэ, *зы-* Iыхьэм и *ы* макъзешэр мэкIуэд: *сы-з-дэ-щысыр, къы-з-ды-щыхъуар…*

Адрей (*зы*)*щы-* лъабжьэпэм и кIэух *ы*-ми зэхъуэкIыныгъэ игъуэтынкIэ хъунущ лэжьыгъэцIэм и ухуэкIэм елъытауэ: *сыщежьэнур*.

Фонетикэ зэхъуэкIыныгъэ къыщохъу *зы-* Iыхьэми и кIэух макъзешэм.

*Зыдэ-, зы(щы)-* лъабжьэпэхэр я къэгъэсэбэпыкIэкIэ зэщхьэщокI: *зыдэ*-м къыщхьэщыкIыу *зыщы-* лъабжьэпэм *зы-* Iыхьэр хэмыту *щы-* теплъэри иIэщ, уеблэмэ а *щы*-р бзэм ирипсалъэхэм нэхъыбэрэ къагъэсэбэп.

IуэхуцIэ гъэпсыкIэ *щы-* зыхэтым омоним къегъэхъу – зыхэт контекстым елъытауэ абы къигъэлъэгъуэнкIэ хъунущ Iуэхугъуэр щекIуэкI щIыпIи, зэмани, еплъ: *щылажьэр*: 1) *Ар щылажьэр пщэдейщ* (зэман); 2) *Ар щылажьэр унэрщ* (щIыпIэ). Нэхъ гъэщIэгъуэныжщ мыпхуэдэ жыIэгъуэр: *Ар щылажьэр сощIэ*: 1) Ар щылажьэ зэманыр сощIэ; 2) Ар щылажьэ щIыпIэр сощIэ.

ЩIыпIэ хьэл IуэхуцIэ къагъэхъуу лъабжьэпитI щыщыIэкIэ, япэ еплъыгъуэкIэ къыпщыхъункIэ хъунущ ахэр дапщэщи синоним зэхуэхъуу, ауэ а лъабжьэпэхэр я мыхьэнэкIэ зэтехуэ дыдэу щыткъым: *зыдэ*-м, *зыщы*-м къыщхьэщыкIыу, унэтIыныгъэ мыхьэнэ иIэщ. Абы къыхэкIкIэ лъэныкъуэ гуэркIэ унэтIа лэжьыгъэ къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэцIэхэм щIыпIэ хьэл IуэхуцIэ къащытекIкIэ япыувэр *зыдэ-* лъабжьэпэрщ: *зыдэ-кIуэр, зыдэ-жэр*. Егъапщэ: *зыщы-//щы-* зыхэт гъэпсыкIэхэр: *(зы)щыкIуэр, (зы) щыжэр*. Мы иужьрей гъэпсыкIэхэр, япэрауэ, бзэм куэдрэ къыщагъэсэбэпыркъым (зэрыжаIэ хабзэр *къы(зы)щикIухьыр, къы(зы)щижыхьыр* жаIэущ), етIуанэрауэ, ахэр къарыкIымкIи къащхьэщокI *зыдэ-* зыхэт гъэпсыкIэхэм: мыбыхэм унэтIыныгъэ мыхьэнэкъым яхэлъыр, щIыпIэ мыхьэнэщ. ЩIыпIэ лъабжьэпитIыр зэрызэщхьэщыкIыр нэхъ наIуэ иритщIынщ мыпхуэдэ щапхъэм. Япэм *псэлъэн, кIиин* лэжьыгъэцIэхэр зэрызэтемыхуэу щыта нэщэнэт *кIиин*-ым щIыпIэ хьэл IуэхуцIэу тIу (*щыкIийр, зыдэкIийр*) къытепщIыкIыу, *псэлъэн*-ым зы фIэкIа (*щыпсалъэр*) къытемыкIыу зэрыщытар. «УнэтIыныгъэ гуэркIэ псэлъэн» мыхьэнэ бзэм иIакъым. Ауэ телефоныр гъащIэм къыхыхьэри *зыдэпсалъэр* жыхуиIэ гъэпсыкIэри абы къыдэунэхуащ: *Ар зыдэпсэлъар* (*телефонкIэ*) *Налшыкщ*.

ЩIыпIэ хьэл IуэхуцIэ къазэрытепщIыкI елъытауэ лэжьыгъэцIэхэр гупитI ипщIыкI хъунущ:

1) *зыщы-//щы-* гъэпсыкIэ фIэкIа зимыIэхэр;

2) *зыщы-//щы-*, *зыдэ* гъэпсыкIитIри зиIэхэр [Бижоев 2005: 152].

Япэ гупым хохьэ унэтIыныгъэ мыхьэнэ зыхэмылъ лэжьыгъэцIэ куэдыкIейр: *лэжьэн, жеин, шхэн*, н.къ.; лъабжьэпэ *къэ*-рэ лъабжьэужь *-хь*-кIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатещIыкIа лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэр: *къы-щижы-хь-ыр, къы-щикIу-хь-ыр*, н.къ.; язэхуэдэныгъэ лъабжьэпэ *зэры-, зэ-* зыхэт лэжьыгъэцIэхэр: *щы-зэры-лъагъур, щы-зэ-IущIар*, н.къ.; зэщIыгъуныгъэ гъэпсыкIэ зиIэ лэжьыгъэцIэхэр: *щы-зэдэ-лажьэр, щы-зэдэ-уэршэрар*, н.къ.; субъектым хуэгъэза гъэпсыкIэ зиIэ (зыгъэзэж) лэжьыгъэцIэхэр: *щы-зэ-плъы-ж-ыр, зы-зы-щи-тхьэщIар*, н.къ.; IэщIэщIэныгъэ гъэпсыкIэм тет лэжьыгъэцIэхэр: *щы-IэщIэ-укIар, щы-IэщIэ-кIар*, н.къ.; нейтрал псалъэпкъ зиIэ лэжьыгъэцIэхэр (къытемыкIахэри, къытекIахэри): *щыIуэр* (лъэмыIэс), *щиIуэр* (лъэIэс), *щыудзэгур, щиудзэгур*, н.къ.; щыIэцIэхэм къатепщIыкIа лэжьыгъэцIэ мыхъейхэр: *щыстудентыр, щыегъэджакIуэр*, н.къ.

ЕтIуанэ гупым хэбгъэхьэ хъунущ унэтIыныгъэ мыхьэнэ зыхэлъ лэжьыгъэцIэхэр: *кIуэн – зыдэ-кIуэр, щы-кIуэр; плъэн – зыдэ-плъэр, щы-плъэр; жэн – зыдэ-жэр, щы-жэр,* н.къ.

Гу лъытэгъуейкъым, *зыдэ-* лъабжьэпэр, (*зы*)*щы*-м елъытауэ, куэдкIэ нэхъ мащIэрэ бзэм къызэрыхэхуэм. Абы и щхьэусыгъуэр лэжьыгъэцIэ псоми, къанэ щIагъуэ щымыIэу, щIыпIэ къагъэлъэгъуэфу, унэтIыныгъэ зыхэлъхэр абыхэм елъытауэ куэд мыхъуу зэрыщытыр аращ.

Бзэм ущыхуозэ *зыдэщы-* зыхэт щIыпIэ хьэл IуэхуцIэ гъэпсыкIи. Мыбы зэуэ хохьэ щIыпIэ лъабжьэпитIри: *зыдэ-щы-лажьэр, зыдэ-щы-сщIэр* [Кабардино-черкесский язык 2006: 298].

Мыпхуэдэ гъэпсыкIэхэм *дэ-* Iыхьэр хэтми, хэмытми хъунущ, еплъ: *зыдэщылажьэр//зыщылажьэр.* Ауэ *щы-* Iыхьэр Iэмал имыIэу хэтын хуейуэ литературэбзэ хабзэм къегъэув: *зыдэлажьэр* (*щылажьэр* мыхьэнэр иIэу) литературэбзэм къищтэркъым, IуэрыIуатэбзэм апхуэдэ къыхэхуэми.

ЩIыпIэ мыхьэнэ зиIэ адрей лэжьыгъэцIэ лъабжьэпэхэм ящыщ (*хэ-, т-, йы-, щIэ-,* н.къ.) зыхэт лэжьыгъэцIэхэм щIыпIэ хьэл IуэхуцIэ къазэрытехъукIым гъэщIэгъуэнагъ хэльщ. Литературэбзэ мардэкIэ апхуэдэ лэжьыгъэцIэхэм щIыпIэ хьэл IуэхуцIэхэм я лъабжьэпитIым языр (*дэ-* е *щы-*) япыувэн хуейми, а хабзэм къыщытекIи урохьэлIэ. Абы къешэ гъэпсыкIэ зэмыщхьхэр. Зэлъыт: *зыды-тетыр // зы-тетыр, зыды-хэсыр // зы-хэсыр*, н.къ. Зэрыхабзэу, апхуэдэхэм деж дэхур *дэ*-ращ, *щы*-р дапщэщи хэтщ [Бижоев 2005: 155].

**2. Зэман хьэл IуэхуцIэхэр** ухуа мэхъу *щы-* лъабжьэпэкIэ: *щы-кIуэр, щылажьэр,* н.къ. *Щы-* лъабжьэгъусэр мыхьэнэбзу зэрыщытым къешэ а лъабжьэпэр зыхэт лэжьыгъэцIэ гъэпсыкIэхэм омоним куэду къагъэхъуныр. Псалъэм папщIэ, *щылажьэр* лэжьыгъэцIэ гъэпсыкIэр контекстым хэмытмэ, абы мыпхуэдэ мыхьэнэхэр иIэнкIэ хъунущ: 1) «абдеж щылажьэр (Iуэху зылэжьыр)»; 2) «ар щылажьэ щIыпIэр»; 3) «ар зэман щылажьэр». Зэрытлъагъущи, щIыпIэ, зэман хьэл IуэхуцIэ гъэпсыкIэхэм нэмыщI омоним гупым яхохьэ лэжьыгъэцIэхэм щIыпIэ преверб *щы-* япыувэу къэхъуа субъект, объект IуэхуцIэхэри. Апхуэдэ зи хьэлыр ехьэлIа лъабжьэгъусэ *зы-* хэмыту къэхъу субъект-объект IуэхуцIэхэрщ. Ауэ щыхъукIэ, щIыпIэ, зэман хьэл IуэхуцIэхэм омоним яхуэхъур лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатепщIыкI субъект IуэхуцIэхэмрэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм къатехъукI благъэобъект IуэхуцIэхэмрэщ. Я къэгъэсэбэпыкIэкIэ щIыпIэ хьэл IуэхуцIэм и лъабжьэпэ *щы*-мрэ зэман хьэл IуэхуцIэм и лъабжьэпэ *щы*-мрэ зэщхьэщокI: щIыпIэ хьэл лъабжьэпэм, ищхьэкIэ къызэрыщыгъэлъэгъуащи, гъэпсыкIитI иIэщ (*зыщы-, щы-*): *зыщы-лажьэр// щы-лажьэр,* зэман лъабжьэпэм *зы-* хэтынкIэ хъунукъым.

ЩIыпIэ хьэл IуэхуцIэ лъабжьэпэ *зыщы*-м, *щы-* гъэпсыкIэм къыщхьэщыкIыу, омоним къигъэхъуркъым.

**3. Лэжьыгъэм и къуэхъукIэ хьэл IуэхуцIэхэр** *зэры-* лъабжьэпэмкIэ къохъу: *зэры-кIуэр, зэры-лажьэр*, н.къ. ЛэжьыгъэцIэ гъэпсыкIэ *зэры-* зыхэтым теухуауэ щIэныгъэлIхэм я IуэхуеплъыкIэр зэтехуэркъым. НэхъапэIуэкIэ дунейм къытехьа адыгэбзэ грамматикэхэм языхэзым итщ мыпхуэдэу: «IуэхуцIэхэм яхэбгъэзэрыхь хъунукъым Iэмэпсымэ IуэхуцIэхэм омоним яхуэхъу гъэпсыкIэхэр, я мыхьэнэкIэ урысыбзэм и лэжьыгъэцIэхэм «что», «как» псалъэзэпыщIэхэм ящIыгъуу къагъэхъу зэпхыгъэхэм ещхьхэр» [Грамматика 1970: 185]. ТегъэщIапIэ нэхъыщхьэу мыбдеж щащIыр мыпхуэдэ къэхъугъэхэр, адрей IуэхуцIэ лъэпкъыгъуэхэм ещхьу, псалъэ гуэр ягъэбелджылыуэ къызэрымыкIуэрщ.

АрщхьэкIэ зи гугъу ищI «что» + лэжьыгъэцIэ», «как + лэжьыгъэцIэ» гъэпсыкIитIыр хэпщIыкIыу абы илъэныкъуэкIэ зэщхьэщокI. Япэм деж, пэж дыдэу, *зэры-* зыхэт гъэпсыкIэр игъэбелджылы псалъэ гуэр пыувэфынукъым, нэгъуэщIу жыпIэмэ абы хуэгъэзэщIэнукъым IуэхуцIэм и къалэн нэхъыщхьэр – зыгуэр гъэбелджылыныр (гъэнэIуэныр). Ауэ «как+лэжьыгъэцIэ» мыхьэнэ зиIэ гъэпсыкIэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр ягъэнаIуэ псалъэм пыувэфынущ. Пэжщ, ахэр зыгуэувэф псалъэхэр я бжыгъэкIэ куэд хъуркъым, инэхъыбэм ар *Iэмал, щIыкIэ* псалъэхэрщ: *зэрымыкIуэн Iэмал.*

Иджыреибзэм убгъуауэ къыщагъэсэбэп *формэ* нэгъуэщIыбзэ псалъэри: *зэры-лажьэ формэр.* МащIэу щытми, апхуэдэ ягъэнаIуэ псалъэхэр зэрыщыIэм зи гугъу тщIы гъэпсыкIэхэр гъунэгъу яхуещI IуэхуцIэхэм икIи ахэр къапыIуша мэхъу омоним зыхуэхъу, ауэ ягъэнаIуэ псалъэ лъэпкъ зимыIэ «что+лэжьыгъэцIэ» мыхьэнэ зиIэ гъэпсыкIэхэм.

**4. Щхьэусыгъуэ, мурад хьэл IуэхуцIэхэр** къохъу *щIэ-* лъабжьэпэкIэ: *щIэ-кIуэр, щIы-щысыр*, н.къ.

Щхьэусыгъуэ, мурад мыхьэнэ къызэрагъэлъагъуэ нэгъуэщI Iэмалхэри бзэм иIэщ: *Блэр* ***зытраукIэр*** *и шэрэзщ* (Псалъэжь); *Зи ныбэ из хъуа цIыхухэми ящыгъупщэжат нобэ щIызэхуэсари, тхьэлъэIу* ***зытращIыхьари*** (КIыщокъуэ А. Хъуэпсэгъуэ нур); *СыкъыщIэкIуам ухуеймэ – уи пхъуращ* ***сыкъызытекIухьар*** (КIыщокъуэ А. Нал къута).

Къыхэгъэща гъэпсыкIэхэр *щIэ*- зыхэт гъэпсыкIэхэмкIэ зэпхъуэкIкIэ я мыхьэнэм зихъуэжыркъым: *зытраукIэр – щIаукIыр; сыкъызытекIухьар – сыкъыщIэкIуар.*

**5. Iэмэпсымэ, хьэл IуэхуцIэхэр** къегъэхъу *зэры*- лъабжьэпэм: *зэры-кIуэр,* (гу, машинэ, н.), *зэры-лажьэр* (Iэдэ, уадэ, н.), н.къ.

Iэмэпсымэ IуэхуцIэхэр объект IуэхуцIэхэм хэзыгъэхьэ щыIэщ, ауэ мыхэр я къэхъукIэкIи, я зыхъуэжыкIэкIи зэщхьыр объект IуэхуцIэхэр аракъым, хьэл IуэхуцIэхэрщ.

Я къэхъукIэм и гугъу пщIымэ, Iэмэпсымэ IуэхуцIэхэр адрей хьэл IуэхуцIэхэми хуэдэу лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэми, лъэмыIэсхэми, зы щхьэ зиIи, щхьэ куэд зиIи псоми къатебгъэкI хъумэ, мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэр къатепщIыкIыркъым зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсым, зы щхьэ, щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым. Еплъ апхуэдэхэм къатекI Iэмэпсымэ IуэхуцIэхэм: *зэрыкIуэр* (*кIуэн* зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсым къытокI), *зэрызитхьэщIыр* (*зытхьэщIын* зы щхьэ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым къытокI), *зэрищIэр* (*щIэн* щхьитI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым къытокI).

Ди къэхутэныгъэм кърикIуахэр къызэщIэткъуэжмэ, гупсысэ дызыхуэкIуахэр мыращ. Япэрауэ, адыгэбзэхэр IуэхуцIэ лIэужьыгъуэхэмкIэ егъэлеяуэ къулейщ. ЕтIуанэрауэ, IуэхуцIэ зэмыфэгъухэр бзэм къызэригъэщIми гъэщIэгъуэнагъхэр мымащIэу хыболъагъуэ: лъабжьэпэхэр абы хэлэжьыхьын-хэмылэжьыхьыныр, хэлэжьыхьмэ, ар зэрекIуэкI щыкIэр елъытащ IуэхуцIэр къызытекI лэжьыгъэцIэм и зэхэлъыкIэм, абы къешэ а зы IуэхуцIэ лъэпкъыгъуэм къызэщIиубыдэхэри я къэхъукIэкIэ дапщэщи зэтехуэу зэрыщымытыр. Ещанэрауэ, адыгэбзэм IуэхуцIэхэм я лъэныкъуэкIэ хэлъ хьэлэмэтагъхэр къэхутэным езы адыгэ бзэщIэныгъэр япэкIэ зэригъэкIуатэм нэмыщIкIэ бзэщIэныгъэ теорием папщIи мыхьэнэ иIэщ, абы къыхэкIкIэ мы Iуэхугъуэр дяпэкIи гулъытэ лей зыхуэщIыпхъэхэм ящыщщ.

## ТегъэщIапIэ хъуа литературэр


1. *Бижоев Б.Ч.* Причастие в адыгских языках в сравнительном освещении. Нальчик: Нарт, 1991. 152 с.
2. *Бижоев Б.Ч.* Грамматические и лексико-фразеологические проблемы кабардино-черкесского языка. Нальчик: Эль-Фа, 2005. 352 с.
3. *Грамматика* кабардино-черкесского литературного языка. М.: Наука, 1970. 216 с.
4. *Кабардино*-черкесский язык в 2-х т. Т. 1. Создание письменности, фонетика и фонология, морфология и синтаксис. Нальчик: Издательский центр Эль-Фа, 2006. 549 с.
5. *Керашева З.И.* Классификация причастий в адыгских языках // Вопросы синтаксического строя иберийско-кавказских языков. Нальчик, 1977. С. 34–48.
6. *Шагиров А.К.* К классификации причастия в связи с проблемой залогов в кабардино-черкесском языке // Труды Карачаево-Черкесского НИИ (серия филологическая). Вып. IV. Черкесск, 1965. С. 52–57.


# КЛАССИФИКАЦИЯ ПРИЧАСТИЙ И ОСОБЕННОСТИ ОБРАЗОВАНИЯ ИХ РАЗНОВИДНОСТЕЙ В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ


**Бижоев Борис Чамалович**, доктор филологических наук, ведущий научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), kbigi@mail.ru



Статья посвящена грамматическому анализу причастий в кабардино-черкесском языке и призвана осветить специфические черты исследуемого языка как по их разновидностям, так и по способам образования многочисленных их форм, функционирующих в адыгских языках.

В работе обозреваются предыдущие труды по причастиям тех специалистов, которые активно участвовали в раскрытии сущности причастий в адыгских языках, в то же время вносятся коррективы в существующую классификацию причастий, более подробно и всесторонне прослеживаются способы формирования каждого разряда причастий, при этом особое внимание уделяется на факт влияния на эти способы структуры глагола, от которого они производятся (переходность-непереходность, полиперсонализм и т.д.).

Выявление и внедрение в научный оборот своеобразия адыгских языков нацелено не только на развитие лингвистического адыговедения – это будет иметь значение и для теории языкознания, поскольку ни в одном языке мира рамки причастий не столь широки, как в адыгских, богатство причастных форм проявляется и в синтаксисе, где причастия образуют конструкции, соответствующие придаточным предложениям в других, например индоевропейских, языках.

В статье применен ряд новых терминов из числа тех, которые специально разработаны нами для создаваемой впервые академической научной грамматики на кабардино-черкесском языке. Прежде всего это само явление «причастие» (IуэхуцIэ), которое до настоящего времени не имело национального обозначения.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, причастие, переходный и непереходный глаголы, префикс, субъект, объект, образ действия.

## CLASSIFICATION OF PARTICIPATIONS AND FEATURES OF THE FORMATION OF THEIR VARIETIES IN THEIN THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE

**Bizhoev Boris Chamalovich**, Doctor of Philology, Leading Research Scientist, Department of Kabardino-Circassian Language of the Institute of humanitarian researches – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), bizhoev1952@mail.ru

The article is devoted to the grammatical analysis of participles in the Kabardino-Circassian language and is designed to highlight the specific features of the studied language both in terms of their varieties and in the ways of forming their numerous forms that function in the Adyghe languages.

The work reviews the previous works on the participles of those specialists who made a significant contribution to the disclosure of the essence of participles in the Adyghe languages, at the same time, adjustments are made to the existing classification of participles, in more detail and comprehensively traced the ways of forming each category of participles, with special attention paid to the fact that these methods are influenced by the structure of the verb from which they are derived (transitivity-intransition, polypersonalism, etc.).

The identification and implementation of the scientific turnover of the originality of the Circassian languages is aimed not only at the development of linguistic Circassian studies – this will also be important for the theory of linguistics, since in no language of the world are the participles as wide as in the Circassian, the richness of participial forms is also manifested in syntax, where participles form constructions corresponding to relative clauses in other, for example, Indo-European, languages.

The article uses a number of new terms from those that were specially developed by us for the first created academic scientific grammar in the Kabardino-Circassian language. First of all, this is the very term «participle» (IуэхуцIэ), which until now had no national designation.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, participle, transitive and intransitive verbs, prefix, subject, object, mode of action.

DOI: 10.31007/2306-5826-2020-3-46-54-62